

# The Baptist Tabernacle of Los Angeles

1329 South Hope Street, L.A. Civic Center

Mailing Address:  
P. O. Box 15308  
Los Angeles, CA 90015  
Phone: (213) 744-9999

E-mail: [rlhymersjr@sbcglobal.net](mailto:rlhymersjr@sbcglobal.net)  
[www.sermonsfortheworld.com](http://www.sermonsfortheworld.com)  
[www.baptisttabernacle.com](http://www.baptisttabernacle.com)



Dr. R. L. Hymers, Jr.  
Senior Pastor

Dr. Christopher L. Cagan  
Associate Pastor

Dr. Kreighton L. Chan  
Assistant Pastor

Desanm 2017

Chè Zanmi:

“Kont tout laperèz” se istwa lavi mwen, ke mwen te fini ekri kèk jou pase. Pami moun ki fè lwanj liv mwen an se Doktè Bob Jones III, ki rele m “yon pwofèt.” Doktè Bill Monroe, de fwa prezidan BBFI, te di konsa, “Hymers se yon Danyèl jou modèn.” Ak Doktè. Herbert Rawlings, pitit gason patriyach BBF Doktè John Rawlings, ak direktè Fondasyon Rawlings, te rele m, “Yon Ameriken orijinal! Yon vizyonè! Lavi li montre yon pasyon pou fè yon diferans.” Doktè Neal Weaver, prezidan Inivèsite Batis Lwizyàn lan, te di konsa, “Yon liv kaptivan e enspiran souyon sèl nonm vyanan.” Kòmantatè Nouvèl yo Doktè Don Boys te di, “Kont tout laperèz” ta dwe li pa tout moun, pa sèlman predikatè yo. Hymers se yon egzant pou tout moun ... Istwa li rezime bezwen èdtan sa a – kouraj, angajman ak karaktè.” Doktè Edi Purwanto, misyonè nou nan Endonezi, te di konsa, “Mwen trè rekòmande liv sa a. Lè Bondye ak yon nonm li pa ka venk. Doktè Hymers se yon ewo ki te siviv anpil lagè ki ka touye moun.”

Jan Samyèl Cagan se pitit gason pastè asosye nou an Doktè Christopher L. Cagan ak madanm li Judith Cagan. Jan se yon estajè ministeryèl ki travay avèk mwen kòm asistan mwen. Youn nan bagay ki pi siyifikatif ki te rive nan legliz nou an se te Jan te rann tèt li pou preche levanjil la. Li se kounye a yon etidyan “A” dwat nan Talbot Lekòl Teyoloji nan Inivèsite Biola. Jan te ekri entwodiksyon otobyografi mwen an. Li te di, “Doktè Hymers gen yon lespri inik pou kòz Kris la ak legliz la ki tankou atlèt sipèsta yo, politik pwa lou yo ak konkeran yo... A laj 77 ane, avèk yon kansè (an remisyon) ak feblès ki te koze pa tretman medikal, pifò gason ta pran retrèt. Men, Doktè Hymers kontinye batay pou legliz nou an epi pou Bondye! Mwen te wè li trennen sou chè a epi preche. Malgre anpil ti dòmi lannwit anvan an, janm li yo ki pral apèn pote l, kranp lestomak, li kanpe trè fèm sou chè a, fòtifeye pa Kris la. E kòman li preche? Tankou yon lyon! Mesaj pi fèb li a se pi dinamik ke ou tande prèske tout lòt kote! Se poutèt sa pastè nan tout mond lan preche mesaj li yo sou chè yo ... Jodi a mo-pou-mo maniskri mesaj Doktè Hymers yo tradui nan 36 lang ... mesaj li yo kounye a te itilize pa Bondye pou fè yon enpak pwisan sou lemond antye. Ane pase a, 1.5 milyon moun nan 218 peyi te li mesaj li yo, te gade videyo li yo epi te enspire pa predikasyon li sou [www.sermonsfortheworld.com](http://www.sermonsfortheworld.com) ... Istwa lavi Doktè Hymers pral enspire ou pou viv pou Kris la – moun li renmen anpil epi sèvi si fidèlman. Mwen byen kontan pou di ke Doktè Hymers te reprann yon gran pati nan fòs li nan kèk semèn ki sot pase yo. Mwen priye ke kansè a p ap retounen epi li pral viv ankò anpil ane an plis.”

Doktè Robert L. Sumner, yon evanjelis nasyonanman rekonèt epi editè de long dat de “The Biblical Evangelist/Evanjelis Biblik” te di, “Mwen apresye epi admire yon nonm ki prè pou pran pozisyon pou laverite...menm lè tout chans yo kont li. Robert Leslie Hymers, Jr. se yon kalite sèvitè Kris la!” (*The Honor Was All Mine: Giants of the Faith Whose Paths Crossed Mine/Onè a se te tout pou mwen: Jeyan lafwa yo kote chemen yo te travèse pa m lan*, 2015, pp. 104, 105). Ou ka kòmande otobyografi mwen an, *Against All Fears/Kont tout laperèz*, nan telefòn Doktè Christopher L. Cagan nan (323)735-3320 aprè piblikasyon liv la nan prentan 2018 la.

Noe Song se lòt jènn gason nan legliz nou an ki te rele pou preche. Li tèmine diplòm d etid kolejyal li yo epi pral swiv ansuit seminè. Noe pral asiste Jan Cagan lè Jan pral siksede m kòm pastè legliz nou an epi m vin pastè onorè a. Noe ak Jan toulede se predikatè eksepsyonèl. Byen bonè ane sa a Noe te preche an Endonezi ak nan Lachin. Jan ak Noe pral toutlede vwayaje avèk Doktè Cagan an Afrik, kote yo pral preche nan peyi Ougannda, Kenya ak Wannda nan kòmansman ane pwochè lan.

Nou te ajoute Marathi (yon lòt lang nan peyi Zend) ak Keyòl (lang peyi D Ayiti) bonè ane sa a. Se konsa, maniskri mesaj nou yo mo-pou-mo yodisponib nan 36 lang sou sit nou an!

Madanm mwen Ileana ak mwen te selebre 35èm anivèsè maryaj nou nan mwa Septanm lan. Ileana an chaj jèn fi yo nan legliz nou an. Li fè yon bèl bagay pou konseye yo. Ileana se pi gran travayè entèkiltirèl Kretyen mwen pa t janm konnen, piske pifò nan ti fi li yo se orijin Oryantal epi Ileana se yon natif natal nan Gwatemala!

Pitit gason m yo Wobè ak Jann Wesley yo toulede se yon gwo èd pou mwen nan legliz nou an. Nan mwa Fevriye a pitit pitit fi nou an Sarah pral fèt pou pitit gason mwen Robert ak madanm li Jin. Premye pitit fi yo Hannah kounye a prèske gen 2 zan. Li deja mache epi pale – e li se yon bèl timoun ki renmen bo m chak fwa mwen wè li! Li fè kè m chante ak lajwa!

Nan mwa Novanm mwen te batize 13 jèn moun, tout men twa nan yon te sove sò nan mond lan – Danny Carlos, Timothy Chan, Joseph Gong, Judy Li, Thomas Luong, Yohana Tsukamoto, Minh Vu, Tom Xia, Jessica Yin, Ayako Zabalaga, Alicia Zacamitzin, Jesse Zacamitzin e Baiyang Zhang. Ou ka di nan non yo ke sa a se yon gwoup divès jèn Kretyen. Nou trè fyè pou nou gen moun ki sòti nan 20 gwoup etnik kòm manm nan gwo legliz nou an an sant sivik nan Los Angeles! Nan mwa novanm lan, nou te òdone tou 5 jèn kòm dyak – Aaron Yancy, Kyu Dong Lee, Jack Ngann, Noah Song ak John Samuel Cagan. Swiv egzanp legliz primitiv la, Jan te òdone kòm yon dyak anvan li te òdone kòm yon pastè lè li gradye nan seminè nan kèk ane epi li enstale kòm pastè nan legliz nou an. Jan deja preche nan pifò Dimanch maten yo a anpil jèn moun ki vizite nou chak semèn. Li se “pitit gason m” nan ministè a. Gade youn nan prèch li sou videyo nan sit entènèt nou an ([www.sermonsfortheworld.com](http://www.sermonsfortheworld.com)). M ap kontinye preche chak Dimanch swa ak chak Samdi swa pou toutotan mwen kapab.

Ane pwochèn nou pral selebre 60èm anivèsè mwen nan ministè a! Mwen apèn kwè ke mwen te preche Levanjil depi 60 ane! Kansè mwen an an remisyon kounye a. Lapriyè ke li pa pral retounen jiskaske mwen selebre 70èm ane mwen an, preche epi fè pastora avèk Jan ak Noe nan bèl legliz nou an! Ileana se patnè m nan ministè a. Li travay ansanm avè m chak jou, kòm nou ganye jèn nan mond la nan sant gran ak mechant vil sa a nan Los Angeles. E san asosye mwen an, Doktè Christopher L. Cagan, tout bagay sa yo pa t ap janm posib. Mwen dwe egalman rann omaj a Doktè Kreighton L. Chan, a Madan Emma Salazar, a dyak nou yo ak tradiktè yo, san yo ministè sa a ta enposib!

Nou selebre Nouvèl An Chinwa a le 29 Janvyè. Noe Song te preche nan sèvis maten ak Doktè Kreighton L. Chan te preche nan aswè. Mwen te mennen fanmi mwen nan Puerto Vallarta, Meksik pou yon vakans an Avril, avèk pitit gason mwen Robert, Jin ak bebe Hannah, pitit gason mwen Wesley, manman Ileana Linda, Ileana ak mwen. Li te bèl, cho epi trankil. Doktè Robert L. Sumner, ki te mouri nan laj 94 zan an Desann 2016 la, te etone mwen nan kite tout liv li yo pou nou vann sou sit entènèt nou an. Sa a se sèl kote anpil liv Doktè Sumner yo te ka achte – nan [www.sermonsfortheworld.com](http://www.sermonsfortheworld.com). Al gade nan anons lan sou premye paj la ak fwon nwa a. Nou te mete akson sou revèy la de Out a Otòn. M te preche plis pase karant fwa, lannwit aprè lannwit, jan Senyè a te desann, e anpil te espere konvèti ,ak lòt moun yo ki te retabli. Se te dezyèm an e ke Bondye te desann epi li beni legliz nou an ak yon tan de rafrechisman! N ap priye pou plis revèy ane pwochèn! Pitit gason Doktè Chan lan Timote te devni yon kandida pou dyak epi te preche yon mesaj pwisan nan Dimanch maten nan Festival Chinwaz mi-otòn le 8 Oktòb la. M ap planifye pou kòmmanse ekri yon liv sou revèy ane pwochèn, aprè otobiyografi m lan pibliye. Silvouplè priye pou pwojè sa a.

Demen se Jou Aksyon De Gras. Madanm mwen te envite anviwon 40 moun pou selebre avèk nou lakay nou. Se lapriyè nou ke Kris la pral prezan lakay ou pandan bèl sezon siyifikatif Nwèl la. Bondye beni nou tout!



Grand papa Hymers ak pitit pitit fi dous li a, Hannah!

Pa w nan non Jezi,

R. L. Hymers, Jr.,  
D.Min., Th.D., Litt.D.  
Filipyen 4:13

**CHÈCHE KONNEN POUKISA 120,000 PASTÈ  
TE ALE NAN SIT ENTÈNÈT OU AN ANE PASE.  
LI CHÈCHE KONNEN POUKISA 120,000 PASTÈ TE ALE  
NAN SIT ENTÈNÈT NOU AN ANE PASE. LI OFRI DÈ  
SANTÈN DE MANISKRI MESAJ MO-POU-MO NAN 36  
LANG, AK VIDEYO NAN 3 LANG. TCHEKE MANISKRI  
MESAJ YO SI OU SE YON PREDIKATÈ KI, TANKOU  
MWEN, ENPLIKE POU YON MESAJ YON FWA NAN YON  
MOMAN. ANVIWON 1,500,000 MOUN (ENKLI 120,000  
PREDIKATÈ) TE JWENN ÈD DE YO ANE SA A NAN  
[WWW.SERMONSFORTHEWORLD.COM](http://WWW.SERMONSFORTHEWORLD.COM).**



Madan Arredondo, Wesley, Madan Hymers, Robert Leslie kenbe bebe Hannah, Jin Hymers (madan Robert) avèk Doktè Hymers nan sal otèl la nan Puerto Vallarta, Meksik.



Doktè Hymers sanble etone pou wè nimewo76 la sou gato anivèsè nesans li a!



Doktè Hymers batize Madmwazèl Baiyang Zhang.



Doktè Hymers bay yon Bib Etid a chak moun ki te batize.



Hannah Hymers avèk gran gran papa l, Rafael Cuellar, de Gwatemala!



Nouvo dyak yo ki fenk òdone (ranje devan) ak nouvo manm yo ki fenk batize (ranje dèyè).

**SIT ENTÈNÈT NOU AN OFRI DÈ SANTÈN DE MANISKRI MO-POU-MO AN KREYÒL AK 35 LÒT LANG NAN [WWW.SERMONSFORTHEWORLD.COM](http://WWW.SERMONSFORTHEWORLD.COM).**

**GADE TOU SIT ENTÈNÈT LEGLIZ NOU AN NAN [WWW.BAPTISTTABERNACLE.COM](http://WWW.BAPTISTTABERNACLE.COM).**



Anivèsè nesans Madan Hymers. Doktè Hymers ap nourì bebe Hannah ak kèk moso gato anivèsè nesans lan!



Doktè. ak Madan. Hymers.



Doktè Hymers ak Jan Samyèl Cagan ak fiyanse l Julie Sivilay.



Mesye Winston Song, gran tradiktè Chinwa nou an (sant). Ankadre pa Jan Samyèl Cagan (agoch) ak Noe Song (adwat).



Jann Samyèl Cagan preche nan Repiblik Dominikèn, ak papa l, Doktè Cagan, tradui an Espanyòl.



Jan Samyèl Cagan preche nan yon kwazad nan Zend.

**SIT ENTÈNÈT NOU AN OFRI DÈ SANTÈN DE MANISKRI MO-POU-MO AN KREYÒL AK 35 LÒT LANG NAN [WWW.SERMONSFORTHEWORLD.COM](http://WWW.SERMONSFORTHEWORLD.COM).**

**GADE TOU SIT ENTÈNÈT LEGLIZ NOU AN NAN [WWW.BAPTISTTABERNACLE.COM](http://WWW.BAPTISTTABERNACLE.COM).**